



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER  
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 20 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN MODÈNIZASYON AK RENOVASYON POU AYEWOPÓ LAGUARDIA,  
JFK, REPUBLIC AND STEWART**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te akeyi Vis Prezidan Joe Biden nan yon aktivite pou devwale plan konpreyansif Gouvènè a pou modènize ak renove ayewopò entènasyonal LaGuardia, John F. Kennedy, Republic and Stewart – mete yo nan nivo 21 yèm syèk la pou sèvis, aksè ak enstalasyon. Nan janvye 2014, Gouvènè Cuomo te anonse nan diskou l sou sitiyasyon eta ke Eta ta pran responsabilite pou jere konstriksyon Ayewopò Entènasyonal LaGuardia ak John F. Kennedy pou ede eliminate reta ak fè amelyorasyon ki nesesè yo. Plan Gouvènè a etann sou inisyativ sa nan anonse yon Konpetisyon pou Plan Konsepsyon Prensipal pou LaGuardia ak JFK pou renove de gwo ayewopò prensipal sa yo epi ede asire ke renovasyon modèn etablisman fèt nan yon fason pwospektiv global. Anplis, plan Gouvènè a pral mete a pwofi opòtinite devlopman rejyonal inik nan ayewopò Republic ak Stewart pou plis sipòte kreyasyon travay ak kwasans nan New York.

“Travay nimewo en gouvènman se pou pwomote kwasans ekonomik ak pwosperite, e youn nan pi bon fason pou kondwi komès se pou envesti nan enfrastrikti ki konekte New York avèk mache nasyonal lokal ak entènasyonal,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Sa a pi enpòtan pou New York pase anvan, se poutèt sa Eta ap envesti de fason anbisye nan wout, pon ak tinèl sou yon echèl ke nou pat janm wè depi plizyè deseni. Plan modènizasyon ayewopò nou yo pral non sèlman amelyore fason diferan ayewopò nou yo sanble epi aji nan 21yèm syèk la - men adrese fason yo dwe fondamantalman travay ansam pou stratejikman grandi ekonomi New York.”

**Konpetisyon pou Plan Konsepsyon Prensipal Ayewopò Entènasyonal – LaGuardia Airport nan Vil New York**

Konpetisyon pou Plan Konsepsyon Prensipal la pral mande achitèk yo nan mond lan pou estratejikman vizyone yon pake konplè de kisa ayewopò LaGuardia pral sanble ak fason li pral fonksyone nan 21yèm syèk la. Amelyorasyon ak konpetisyon konsepsyon ta dwe gen ladan: amelyore transpò nan ayewopò a, enkli posib bato travès a wot vitès ak sèvis tren amelyore; yon plan ayewopò redesine pou ogmante aksè, enkli yon potansyèl tèminal pou bato travès a wot vitès; enstalasyon dènye modèl pou ofri kliyan yo sèvis premye klas ak plizyè kalite manje ak eksperyans lavant andetay; ak enfrastrikti ki pi rezistan

nan fason pou prepare etablisman ayewopò yo pou reponn a menas move tan kap ogmante. Anplis, Gouvènè a pral travay avèk patnè federal yo pou fè espas ayeryen New York la vin pi efikas nan akselere enplemantasyon nouvo teknoloji trafik ayeryen nan zòn lan.

#### **Konpetisyon pou Plan Konsepsyon Prensipal Ayewopò Entènasyonal – John F. Kennedy nan Vil New York**

Konpetisyon pou Plan Konsepsyon Prensipal pral mande planifikatè yo pou redesine tout ayewopò John F. Kennedy a. Konsepsyon yo ki soumèt nan konpetisyon an ta dwe gen ladan: amelyorasyon rezo transpòtasyon, enkli AirTrain ki egziste deja ki aktyèlman fè lanavèt pasaje yo ant tèminal yo, zòn pakin ak tren ak LIRR; eksploré bezwen pou ogmante kapasite otèl nan zòn ozanviwon imedyat ayewopò a; enplemante enstalasyon modèn ki reflete rejyon eta New York epi bay envite yo egalman yon varyete opsyon restoran ak boutik; modènize enstalasyon dènye modèl pou modènize ayewopò a.

#### **Ayewopò Entènasyonal Stewart nan Hudson Valley – Sant Distribisyon Rejyonal Cargo ak pwopoze pou kreye Zòn START-UP NY**

Yon nouvo sant distribisyon kago rejyonal pral etabli nan Ayewopò Stewart nan agrandi kapasite kago aktyèl li, sa ki pral soulaje ayewopò JFK nan pifò etablisman ekspedisyon l epi kreye espas pou elaji ekipman potansyèl ak sèvis pou Ayewopò JFK. FedEx ak UPS aktyèlman ap fonksyone regilyèman vòl ki pwograme nan ayewopò Stewart, ansannm avèk U.S.P.S ak USDA ki gen enstalasyon ki etabli sou pwopriyete a, ayewopò a stratejikman pozisyone pou elaji nan yon pi gwo wòl kago ayeryen. Pou ogmante ak pwomote distribisyon elaji, Eta pral pwopoze pou kreye yon zòn san taks START-UP NY nan ayewopò Stewart kap pèmèt konpayi yo deplase biwo manifakti yo nan yonsèl, gwo sant distribisyon ki konekte. Efò yo pral konplete yon Etablisman Enspeksyon Federal \$20 milyon dola pou trete pasaje entènasyonal yo, sa ki aktyèlman te konstwi e li pral pare pou aksepte vwayajè yo nan ane 2017.

#### **Ayewopò Republic nan Long Island – Emisyon RFI pou Operatè ak Pwopoze pou Kreye Zòn START-UP NY**

Eta pral emèt yon RFI pou idantifye pati yo ki enterese nan sèvi kòm nouvo operatè pou Ayewopò Republic. Ayewopò a aktyèlman gen preske 100 karo tè espas disponib, enkli depo, biwo, restoran ak espas vid, e li pozisyone stratejikman nan Konte Suffolk youn nan rejyon ki pi popilè nan peyi a. Pou demare envestisman ak biznis nan Ayewopò Republic, eta pral pwopoze pou l kreye yon zòn san taks START-UP NY ki pral mete resous adisyonèl disponib ak rekompans.

Konpetisyon pou Plan Konsepsyon Prensipal pou ayewopò LaGuardia ak JFK pral konplete plizyè santèn milyon dola nan amelyorasyon pa Port Authority ki deja ankou. Yo pral òganize konpetisyon yo daprè menm kondisyon yo, men yo pral jije chak pa kritè spesifik yo a bezwen ayewopò a. Kòmanse nan trant jou, konpayi konsepsyon yo pral gen 60 jou pou devlope plan yo, sa ki dwe gen ladan yon pwojè pou enplemantasyon delè pou asire ke travay la kòmanse rapidman e li kapab itilize patenarya sektè publik / prive epi egzekite eleman re-konsepsyon an. RFP ki egziste pou tèminal santral ayewopò LaGuardia pral kontinye konkouran nan pwosesis rekonsepsyon ak plan prensipal 90 jou a, e desen ki genyen an kapab modife pou adapte a re-konsepsyon an. Konsèy Komisyonè Port Autority a pral chwazi twa pi bon konsepsyon pou chak ayewopò, e finalis sa yo pral resevwa jiska \$500,000 pou plis devlope konsèp yo

pou plis konsiderasyon. Detay adisyonèl sou Konpetisyon Konsepsyon Plan Prensipal yo pral disponib nan yon ti tan.

Vis Prezidan Joe Biden jodia te jwenn ansam avèk Gouvènè Andrew M. Cuomo pou devwalman “Re-imagine New York pou yon Nouvo Reyalite,” yon estrateji \$17 bilyon dola ki pral transfòme ensfrastrikti New York, rezo transpòtasyon yo, apwovizyonman enèji, pwoteksyon bò-lanmè, sistèm alèt meteyolojik ak jesyon ijans pou pi byen pwoteje New Yorkè yo kont pwochen move tan. Vis Prezidan an te eksprime volonte l pou wè modènizasyon yo nan ayewopò New York yo nan ka, site enpòtans yo kòm gwo pwofil antre nan Etazini ak aletranje.

Ayewopò LaGuardia ak JFK te konstwi nan 1939 ak 1960, respektivman e yo te eksperimente kwasans sibstansyèl nan kliyan yo. Ane pase, toulède ayewopò yo te sèvi plis moun pase nenpòt lòt moman nan istwa yo - yon total 77 milyon pasaje, oswa apeprè yon ka nan tout popilasyon Etazini. Kolektivman ayewopò LaGuardia ak JFK anplwaye 50,000 moun epi jenere apeprè \$53 milya dola nan aktivite ekonomik anyèl pou rejyon metropoliten New York- New Jersey. Anplis, Ayewopò Stewart responsab pou apeprè 5,500 djòb ak \$750 milyon dola nan aktivite ekonomik anyèl nan Hudson Valley, e Ayewopò Republic sipòte plis pase 1,300 djòb nan Long Island.

START-UP NY pral jwe yon wòl enpòtan nan stimile biznis ak envestisman nan ayewopò entènasyonal Republic ak Stewart. START-UP NY ede yon konpayi demare, elaji oswa relokalize biznis kalifye yo nan yon zòn san taks nan Eta New York. Daprè pwogram lan, konpayi yo ap kreye zòn START-UP ki peye zewo taks pou 10 ane, gen aksè a resous kolèj ak inivèsite wo talan e li ka konekte nan yon vas ensfrastrikti avèk yon aksè nasyonal ak mondal.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE